**दिन–शनिवार** **दिनांक–16.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदी पाकिस्तान के कडगर चेतावनी दैत कहलनि जे ओहिके आतंकवादी सभ के संरक्षण देब आ भारतक विरूद्ध गतिविधि चलायब बंद करबाक होयत। श्री द्विवेदी नव दिल्ली मे सेना संवाद कार्यक्रम मे आतंकवादक विरूद्ध भारतक सख्त नीति के सोझा रखैत ई बात कहलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे मुजफ्फरपुर आ किशनगंज जिला मे दू सीमेंट इकाई लगाओल जयबाक स्वीकृति देल गेल अछि। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब दैत कहलनि जे बिहार मे औद्योगिक निवेशक नव अध्याय शुरू भऽ गेल अछि। ओ जनौलनि जे राज्य निवेश प्रोत्साहन बोर्ड– एसआईपीबी के सड़सठिम बैसक मे सीमेंटक दू पैघ फैक्ट्री स्थापित कयल जयबा के मंजूरी देल गेल अछि।

---

ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के नेतृत्वक सरकार पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक कार्य सभ के गंभीरता सँ आगां बढ़ा रहल अछि। शेखपुरा मे संवाद सभ के संबोधित करैत श्री कुमार कहलनि जे राज्य सरकार आम जनताक अपेक्षा पूरा करबाक लेल मोन सँ काज कऽ रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्य मे विशेष अभियान चला कऽ भूमि सर्वेक लंबित काज सभक निष्पादन कयल जायत। पटना मे राजस्व आ भूमि सुधार विभागक कार्यक समीक्षा बैसकक दरमियान श्री चौधरी अधिकारी सभ के भूमि परिमार्जन आ सर्वेक काज समय सीमाक भीतर शीघ्रता सँ पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। बैसकक बाद विभागीय मंत्री दिलीप जायसवाल पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे भूमि विवाद एक गंभीर समस्या अछि। ओ जनौलनि जे मुख्यमंत्रीक निर्देशक अनुसार आवश्यकता पड़वा पर सर्वेक काज मे अतिरिक्त अधिकारी आ कर्मचारी सभक तैनाती कयल जायत।

———————————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद उपेन्द्र कुशवाहा विपक्ष पर युद्धजनित स्थिति सभ के लऽकऽ राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री कुशवाहा कहलनि जे दुनिया भरि मे घटनाक्रमक कारणे तेलक दाम बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि मे सरकारक कोनो भूमिका नहि अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो– सीबीआई नीट यूजी पेपर लीक मामिला मे पुणे मे कार्यरत जन्तु विज्ञान विषयक प्राध्यापक मनीष गुरूनाथ मंधारी के दिल्ली सँ गिरफ्तार कयलक अछि। सीबीआई देश भरि मे छओ स्थान पर तलाशी अभियान चलाकऽ आपत्तिजनक दस्तावेज, लैपटॉप, मोबाईल फोन आ बैंक पासबुक सेहो जब्त कयलक अछि। एम्हर, राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी एनटीए काल्हि घोषणा कयलक जे नीट यूजी दू हजार छब्बीस परीक्षा दोबार एकैस जून कऽ आयोजित कयल जायत।

———————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई जमुई के झाझा मे पदस्थापित ग्रामीण कार्य विभागक कार्यपालक अभियंता गोपाल कुमार के पटना आ जमुई स्थित विभिन्न ठेकान सभ पर छापेमारी कयलक अछि। ई छापेमारी आय सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे कयल गेल अछि। जनतबक अनुसार तलाशीक दरमियान ज्ञात आय सँ दू करोड़ सँ बेसी के संपत्तिक खुलासा भेल अछि।

———————————————————————————

मिथिलांचल सहित प्रदेशभरि मे आइ बरसाईत पावनि पारंपरिक श्रद्धा ओ उल्लासक संग मनाओल गेल अछि। आजुक दिन महिला लोकनि अपन पतिक दीर्घ–आयु आ उत्तम स्वास्थक लेल वर गाछक पूजा करैत छथि आ सत्यवान सावित्रीक कथा सुनैत छथि। मिथिलांचल मे नव विवाहिताक लेल बरसाईत पावनि आइ विशेष पूजा–अर्चना अत्यंत विधि–विधान पूर्वक होइत अछि।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, रोहतास, भभुआ, औरंगाबाद सहित प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे अधिकतर स्थान पर मेघगर्जन, वज्रपात आ वर्षाक आशंका जतौलक अछि। एहि दरमियान पचास सँ साठि किलो मीटर प्रतिघंटाक गति सँ अन्हर–बिहाडि अयबाक संभावना अछि।

————————————————————————

अररिया सहित राज्यक विभिन्न अल्प संख्यक आवासीय विद्यालय आ कैंप विद्यालय सभ मे नामांकनक लेल ऑनलाईन आवेदनक तिथि तीस मई धरि बढ़ा देल गेल अछि।

किशनगंज जिलाक पुलिस अधीक्षक संतोष कुमार गर्वनडंगा थाना मे पदस्थापित दारोगा के निलंबित कऽ देलनि अछि।

मधुबनी जिलाक नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत नोनिया टोला सँ पुलिस एक महिला के गांजाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त